Senkyèm Atelye MIT-Ayiti sou aprantisaj aktif ki san baryè e ki kore ak teknoloji

Pwof. Michel DeGraff

15 janvye 2015

Otèl Le Plaza, Pòtoprens

http://haiti.mit.edu

Mwen te prezante yon pati nan dyapo sa yo nan Otèl Le Plaza, 15 janvye 2015
epi mwen mete yon diplis sou dyapo yo nan dat 27 janvye 2015
selon kesyon ak kòmantè ke mwen te jwenn sou premye vèsyon an

ANN REBATI
AYITI
Delice Patrick

Yon moman ki istorik



Boston/Visite du Premier ministre Lamothe

Haïti et MIT signent pour une éducation mieux adaptée

Le Nouvelliste | Publié le :17 avril 2013



Port-au-Prince, le 03 JUN 2014

RÉPUBLIQUE D'HAÏTI

MINISTÈRE DE L'ÉDUCATION NATIONALE ET DE LA FORMATION PROFESSIONNELLE

Article 1e.- Il est créé au sein du Ministère de l'Education Nationale et de la Formation Professionnelle (MENFP) une Unité de Projet dénommée Bureau Initiative Haïti - Massachussets Institute of Technology ci après désignée Bureau MENFP/ MIT- Haïti.

Yon moman ki istorik

KANPAY NASYONAL
ALFABETIZASYON

Aprann li ak ekri
pou ***Ayiti ka vanse*** *pi lwen*

http://nyti.ms/1ohO6dj The New York Times

A Creole Solution for Haiti's Woes

By MICHEL DeGRAFF and MOLLY RUGGLES AUG. 1, 2014

Haïti - Politique : Investiture des membres de l'Académie du Créole haïtien
03/12/2014 10:05:01

La Présidence de la République, l'Université d'État d'Haïti et le Comité d'initiative pour l'établissement de l'Académie du Créole Haïtien annoncent qu'aura lieu jeudi 4 décembre, à l'Hôtel Kinam II de Pétion ville, à compter de 9h15 a.m., la cérémonie d'investiture des 33 premiers Académiciens et académiciennes du Créole Haïtien.

Éducation : Le travail colossal de la Commission nationale de la réforme curriculaire démarre

Samedi, 20 Décembre 2014 18:22 AL/HPN Societe & Culture - Societe

Deux semaines après son installation, la Commission nationale de la réforme curriculaire (CNRC), se met au travail. Un atelier de deux jours a été lancé, ce samedi 20 décembre, à l'hôtel Ritz Kinam II (Pétion-Ville) par le ministre Nesmy Manigat, dans le but de développer une lecture commune du mandat et des livrables pour une nouvelle école haïtienne, a constaté Haiti Press Network.

Inisyativ MIT-Ayiti:

N ap modènize/demokratize edikasyon ann Ayiti ak nouvo zouti pou yon nouvo jenerasyon elèv

1. Abitid ki la depi *twò* lontan: ***jako repèt, pa kè***—"Drill, baby, drill!"

2. **Antidòt kont pa kè:** Inisyativ MIT-Ayiti a ap fè ***fòmasyon pou anseyan*** epi n ap kreye ***nouvo materyèl pou pedagoji patisipatif —pou timoun yo ka vin maton nan syans ak matematik gras a teknoloji ki sèvi ak kreyòl***. Materyèl sa yo disponib pou tout moun gratis ti cheri. Se kon sa n ap amelyore kapasite elèv ak etidyan pou yo rive byen reflechi sou sa y ap aprann, epi pou yo ka rive fè etid apwofondi ak rechèch nan matematik ak syans.

3. Objektif Inisyativ MIT-Ayiti konfòm ak Plan Operasyonèl MENFP a

Istwa Inisyativ MIT-Ayiti: Nou se pyonye

- ***21–22 oktòb 2010:*** Senpozyòm MIT-Ayiti (nan MIT ak sipò FOKAL)
  - ❖ Planifikasyon inisyativ la: konbit ant pwofesè ak administrasyon MIT + lidè nan ansèyman siperyè ann Ayiti
- ***16–18 jen 2011:*** "Haiti ICT in Education Summit" (BID-MENFP)
  - ❖ Brase lide ak divès òganizasyon k ap travay sou teknoloji pou edikasyon ann Ayiti
- ***26 oktòb 2011:*** Premye sit miwa OCW nan Fakilte Syans (UEH)
  - ❖ Apre sa: ESIH, INAGHEI, Université Caraïbe
- ***Mas 2012—jen 2014:*** ~165 patisipan, 35+ enstitisyon, ~50 lojisyèl
  - ❖ Atelye sou aprantisaj aktif nan matematik, fizik ak biyoloji
  - ❖ Atelye sou evalyasyon
  - ❖ Atelye sou lidèchip epi travay ann Ekip
- ***Avril 2013:*** Nou jwenn sipò leta: Pwotokòl d Akò MIT-Ayiti
- ***Jen 2014:*** Sikilè sou Biwo MENFP/MIT-Ayiti pou devlope yon estrateji nasyonal pou ansèyman syans ak matematik pou Inisyativ la ateri tout lekòl ak tout inivèsite nan peyi a
- ***Janvye 2015, jounen jodi a, ~80 patisipan ...***

Pou ki sa Lafrans te vin sèvi ak Franse?

… nan plas Laten …

Men sa Descartes te reponn an ***1637***:

“Et si j’écris en français, qui est la langue de mon pays, plutôt qu’en latin, qui est celle de mes précepteurs, c’est à cause que ***j’espère que ceux qui ne se servent que de leur RAISON NATURELLE toute pure jugeront mieux de mes opinions*** que ceux qui ne croient qu’aux livres anciens. Et pour ceux qui joignent le bon sens avec l’étude, lesquels seuls je souhaite pour mes juges, ils ne seront point, je m’assure, si partiaux pour le latin, qu’ils refusent d’entendre mes raisons, pour ce que je les explique en langue vulgaire”.

(nan: *Discours sur la méthode pour bien conduire sa raison, et chercher la vérité dans les sciences.*
Diskou sou metòd pou nou byen rezone epi pou nou chache verite nan lasyans)

Pou ki sa Ayiti dwe sèvi ak Kreyòl?

.

Men sa n ap di an ***2015***:

“Si n ap sèvi ak kreyòl, ki se lang peyi nou, kòm zouti pou ansèyman, se paske ***nou vle pou timoun yo sèvi ak BON SANS YO pou yo rive konprann tou sa y ap aprann.*** Timoun sa yo ap rive analize metòd syantifik pi byen pase timoun ki sèlman kwè nan liv ki ekri an franse, ki se yon lang pifò ladan yo pa pale byen ditou.”

Eske kreyòl ap izole Ayiti?

Pou pifò ti Ayisyen, Kreyòl se yon zouti ki nesesè pou aprantisaj—pou aprann: lekti, lòt lang (franse, angle, panyòl, eks.), syans, matematik, eks. Se sa Fenlandè fè pou Fenlann, Koreyen pou Lakore, eks.



Anseye *an* kreyòl se pi bon metòd pou ankouraje bonjan edikasyon ansanm ak fyète ak lajwa. Se kon sa timoun yo ap vin gen konfyans nan tèt yo—tèt kale!

“Le triangle de la lecture”

Une fois que le décodage commence à se mettre en place, la compréhension du message doit être l’objectif suivant. Cette étape ne pose pas de difficulté si l’enfant a compris le « triangle de la lecture » c’est-à-dire la nécessité de décoder de façon systématique, sans deviner : d’abord identifier les lettres, ensuite les transcrire en sons, et enfin « écouter » ce qui est dit, en se servant du vocabulaire oral déjà connu (flèches marquées en jaune dans ce diagramme) :

Stanilas Dehaene :
http://moncerveaualecole.com/quel-programme-lecture-en-primaire/



On comprend ici l’importance du vocabulaire oral : au moins au départ (en CP), la compréhension en lecture dépend de la connaissance préalable des mots à l’oral, ainsi que des constructions dans lesquelles ils apparaissent. Par la suite, c’est la pratique même de la lecture qui enrichira le vocabulaire de l’enfant, mais au départ, la connaissance préalable des mots à l’oral facilite grandement leur reconnaissance à l’écrit.

Pou pifò Ayisyen, “triyang lekti” a vin DEPAMAN

Se mo ekri yo ki deklannche pwosesis lekti a nan sèvo timoun yo—nan yon “triyang” grafèm-fonèm-sans. Ann Ayiti, pifò timoun yo andikape paske yo pa fouti bati triyang lekti sa a e yo bloke nan jako repèt e yo pa fouti rive maton ni nan lekti, ni nan franse, ni nan matematik, ni nan syans, eks...



MO EKRI
Mo nan liv yo ekri
an ***FRANSE***

@StanDehaene : Mèsi anpil!

Wi, kreyòl la *esansyèl* nan “Edikasyon Pou *TOUT* Moun”

Yon kesyon fondamantal sou ansèyman ann Ayiti:

1. Nan ki lang pou timoun yo aprann lekti, ekriti, matematik, lasyans, lòt lang tankou franse, angle, panyòl, eks.?
2. Men sa lasyans ak pratik edikasyon montre nou:
   a) Aprann li → li pou aprann: Fòk yon timoun rive MATON nan lekti pou li ka aprann VREMAN byen—KÈLKESWA SA L AP APRANN LAN.
   b) Pou yon timoun ka MATON nan lekti ak ekriti, fòk li aprann li (ak ekri) nan lang ki deja rele li “CHÈ MÈT, CHÈ METRÈS”!
   c) Ann Ayiti, lang sa a se kreyòl: Nan pifò kominote, se kreyòl timoun yo plis tande. Pa gen okenn timoun sou planèt la ki ka aprann yon lang si yo pa benyen nan lang sa a. Ann Ayiti, pifò timoun ak pifò pwofesè benyen nan kreyòl sèlman.

Epi tou, òtograf kreyòl la djanm nèt

“Si l’on devait réviser l’orthographe du français en faisant table rase du passé, comment procéderait-on ? Dans le meilleur des mondes possibles, ***CHAQUE PHONÈME CORRESPONDRAIT À UNE SEULE LETTRE DE L’ALPHABET***. Il suffirait alors de connaître la sonorité de chaque lettre pour savoir lire, et les enfants apprendraient à décrypter tous les mots en quelques mois". (Stanislas Dehaene, *Apprendre à lire,* 2011)

Twa prensip fondamantal ki fè òtograf kreyòl la se “le meilleur des mondes”. **(*Ann aprann òtograf kreyòl la*: http://bit.ly/1ExUGqB)**

1. Chak lèt oswa konbinezon lèt (“grafèm”) toujou pwononse menm jan
2. Chak son lang lan (“fonèm”) toujou ekri menm jan
3. Pa gen grafèm ki bèbè

Nou te *mezire* pouvwa kreyòl la:

Konparezon ant Lekòl Kominotè Matènwa (LKM) ak yon gwoup lekòl ke Bank Mondyal (WB) finanse





Nan klas 3èm ane, elèv nan ankèt Bank Mondyal yo li 23 mo pa minit alòske elèv Matènwa yo li 60 mo pa minit

Yon lòt pledwaye pou kreyòl:
EGRA nan Matènwa (LKM) epi nan 5 lòt lekòl nan Lagonav

Done nou pral wè kounye a se yon konparezon nivo lekti nan 1e ak 2èm ane nan Lekòl Kominotè Matènwa ("LKM") nan Lagonav, kote yo sèvi ak ***kreyòl nètale depi o pa***, epi nan 5 lòt lekòl menm zòn nan, kote se franse ki lang ofisyèl nan montre timoun yo li.

Se ak enstriman EGRA sou lojisyèl Tangerine pou "Android" ke nou te sèvi pou nou ranmase done fyab sa yo. Ankèt sa a te fèt an 2012–2013.

Rezilta EGRA pou LKM ak 5 lòt lekòl yo

	Konesans sou non lèt (Repons kòrèk/min)		Konesans fonemik (Repons kòrèk/10)		Konesans sou relasyon lèt-son (Repons kòrèk/min)		Lekti mo timoun yo abitye tande (Mo kòrèk/min)	
Lekòl/Klas	1e	2èm	1e	2èm	1e	2èm	1e	2èm
BM	11.5	12	2.5	3	10	8	1	5
JV	5	12.5	0	0	4	7	0	2
LP	7	22	1	2	7	10	1	8
NM	4.5	11	0	2	5	8	0.5	3
VF	7	10	4	2.5	6	8	1	1.5
LKM	14.5	33	10	10	21.5	60	5	28

	Lekti mo ki envante (Mo kòrèk/min)		Lekti yon ti istwa (Mo kòrèk/min)		Konpreyansyon istwa elèv yo *li* a (Repons kòrèk/5)		Konpreyansyon istwa elèv yo *tande* a (Repons kòrèk/5)	
Lekòl/Klas	1e	2èm	1e	2èm	1e	2èm	1e	2èm
BM	0	1	0	0	0	0	3.5	4
JV	0	0.5	0	0	0	0	4	5
LP	0	4	0	4	0	0	4	5
NM	0	0	0	0	0	0	4.5	4
VF	0	0	0	0	0	0	4	4
LKM	0.5	21	0.5	31	0	2	5	5

N ap pataje modèl LKM lan

INNOVATIONS: TEACHING & LEARNING MATERIALS

FRIENDS OF MATÈNWA, INC.

INNOVATION

Mother Tongue Books

INNOVATOR

Friends of Matènwa, Inc.

LOCATION APPLIED

Haiti: Matènwa Community Learning Center (MCLC), Matènwa, Island of Lagonav

POTENTIAL IMPACT

Pilot project includes five schools, children in grades 1-3

ALL CHILDREN READING: A GRAND CHALLENGE FOR DEVELOPMENT

The Haiti Fund At The Boston Foundation

HELPING HAITIANS REBUILD

Development & Education

This village school in Haiti helped propel a national movement to teach kids in Creole

The World in Words

December 22, 2014 · 3:30 PM EST

Reporter Amy Bracken

This story is a part of

HUMANEEDS

http://www.pri.org/stories/2014-12-22/village-school-haiti-started-national-movement-teach-kids-language-they-speak

N ap pataje modèl LKM lan

EGRA 2012-2013









EGRA 2013-2014









“EGRA” = “Early Grade Reading Assessment” = “Pèfòmans lekti nan ti klas yo”

Pèfòmans timoun Lagonav yo amelyore lè yo adopte modèl LKM lan ki baze sou lang kreyòl la

N ap pataje modèl LKM lan

EGRA 2012-2013

EGRA 2013-2014









“EGRA” = “Early Grade Reading Assessment” = “Pèfòmans lekti nan ti klas yo”

Pèfòmans timoun Lagonav amelyore lè yo adopte modèl LKM lan ki baze sou lang kreyòl la

Pedagoji patisipativ nan matematik selon rechèch nan syans edikasyon

1. ***Esperyans elèv yo deja fè, esperyans konkrè dwe sèvi pou yo devlope konesans.*** Esperyans pratik sa yo ansanm ak esperimantasyon ka ede yo pwofonde konsèp yo epi konstwi konsèp ki pi konplike toujou.
2. ***Lè elèv yo sèvi ak lang yo deja konn pale a, sa fè lide yo vin pi klè.*** Lè kon sa, elèv yo ka rakonte sa yo menm yo wè etan y ap devlope lide syantifik yo, epi yo ka kontwole si lide sa yo vre, si yo bon.
3. ***Pifò aktivite syantifik ke elèv yo dwe metrize sou ban lekòl depann de fasilite yo genyen pou yo kominike ak tèt yo, epi pou yo kominike antre yo.***

Chrisla ak Dieuricarme ap chante matematik

http://www.youtube.com/watch?v=CU4NuFcK8D0

Sa se yon bèl egzanp ki montre pouvwa kreyòl la nan pedagoji patisipatif: Timoun yo alèz nèt pou yo chante matematik nan lang ki nan fon nanm yo

Pwofesè yo pare! Ayiti pare!

http://haiti.mit.edu/2013/04/23/ayiti-pare-haiti-is-ready/

Anseyan yo dakò: kreyòl la esansyèl

“Sa m te pi renmen: paske se ***kreyòl ki te lang sipò a*** te fè bagay la pi klè toujou”.

“Aktivite pratik debaz StarBiochem pou fouye zouti a. Paske gen anpil bagay mwen te konn ap gade nan liv san mwen pa t konprann kòman yo reyalize yo, ***kounye a mwen ka esplike estrikti yo*****".**

“Mwen vle ke yon bon aktivite konsa rive ***touche plis moun toujou*** nan sistèm edikatif la”

“Atelye [yo] ede m pou m prepare yon bon plan pou chak leson [...] ede elèv yo ***vizyalize*** konsèp yo, ***entèprete*** yo anplis ***aplike*** metòd aprantisaj aktif la. Atelye [yo] ap ede m ***mye prepare*** kesyon sou konsèp yo pou elèv yo [...] nan ***entèraksyon kesyon-repons***. Epi ***ranfose*** yo aprè chak repons kèlkeswa nati li.

Fidbak anseyan yo

“[Lè m 'anseye an kreyòl] ***timoun yo mande plis kesyon***. Pafwa ou menm santi yo pale twòp. Lè kon sa, ou retounen nan franse pou gen mwens entèraksyon nan klas la.”

“ ... si nou ka sèvi ak **zouti kon sa an kreyòl nan tout lòt matyè yo** , lè sa a n ap ka ***ogmante nivo konpreyansyon elèv nou yo*** ...”

“Li t ap pi bon si nou te kòmanse ak aprantisaj aktif, itilizasyon zouti nimerik ak lang kreyòl la nan ti klas piti yo. Zouti nimerik yo t ap pèmèt nou sèvi ak laboratwa vityèl nan plis pase 99% lekòl ki jis jounen jodi a pa gen laboratwa ...”

“... fòk Leta ta egzije lang kreyol la kom lang edikasyon peyi a apre li fin pran dispozisyon pou zouti yo pare, fome mèt yo epi gaye odinatè nan tout kwen peyi a. San sa ap gen anpil retisans kay paran, timoun yo ak pwofesè yo.” **(Ateyle MIT-Ayiti, janvye & out 2013, kesyonè apre atelye yo)**

Lòt fidbak—sou zouti yo

*“ ... [zouti] yo ka ede nou **fè tranzisyon pou n soti nan imajinasyon pou n ale nan aspè vizyèl konsèp yo**. ... Malerezman, tout bagay fèt ak lakrè ak tablo. Kòm pwofesè jeyometri optik, mwen wè lojisyèl yo ka sèvi kòm yon vrè laboratwa pou anseye kou sa a .”* **(Pwòf. Richard Delva, *Faculté des Sciences, Université d’État d’Haïti*)**

“ ... [zouti yo] pemèt etidyan nou yo plis patisipe nan lang pa yo ki se kreyòl e yo pèmèt nou fè travay pratik san nou pa gen laboratwa avèk sèlman yon laptop epi yon videopwojektè. . .. yo rive konprann pi byen. ***Rezilta yo amelyore net apre egzamen ke yo te fè. Nou rive konprann ke se yon zouti ki ta dwe itilize nan tout peyi a avek apywi leta pou mennen bon jan edikasyon modèn nan kote ki pi lwen peyi a***. ”

(Pwofesè Maxo Erick Val & Jean-Adony César, *Université Publique du Centre*)

Etidyan yo dakò tou: kreyòl la esansyèl

“Avan kou pratik la, m pa t vreman konprann bagay yo. Men ***apre kou pratik la ... sa vrèman fè m plezi mwen wè mwen konprann kou a kon sa***”.

“***Mwen renmen fason kou a fèt an kreyòl*** ... pandan elèv yo [ap] manipile òdinatè a**”.**

“ ***Li pi bon si nou aprann an kreyòl ... Kreyòl la mande pou nou ba li plis ankadreman*** ...”

“Lè yo anseye an kreyòl, li gen ***dezavantaj*** an menm tan li gen ***avantaj*** ... Sa ka koze ***pwoblèm nan fòmil*** yo paske ... jan mo a ekri an franse se pa kon sa li ekri an kreyòl ... Avantaj la ... li pi eksplisit epi pi konpreyansif, ***li pèmet moun yo wè pi klè***. Epi ankò li pèmèt nou ***bay lang lan valè***”.

Fidbak anseyan yo sou zouti yo

1. “Se premye fwa mwen ***vizyalize*** yon bagay kon sa. Mwen te kontan anpil”
2. “Egzèsis ak Matlèt *Anplitid ak Faz* te ***klè*** pou mwen. Mwen te byen konprann ki jan mwen ka fè elèv yo ***wè byen*** koze anplitid ak faz”
3. “Devwa ak Matlèt sou chòk absòbè a te ede m konprann nosyon “faz” ke m konn rankontre; men, mwen pa t ankò janm ***vizyalize*** l”
4. “Teknik ***vizyèl*** la enpòtan anpil pou ede timoun yo konprann anpil pwoblèm”

“Gen anpil baryè ki pa ko tonbe ...”

“***Nan prèske tout peyi a edikasyon fèt nan lang franse …*** Li difisil pou fè yon moun chanje lang l ap aprann pandan ke li pran fòmasyon de baz li nan yon lòt lang pandan plis ke 14 lane...”

“***Li t ap pi bon si nou ta ensiste sou metod aktif la, itilizasyon [lojisyèl yo] ak lang kreyol la depi nan ti klas piti yo***. Men, sa ap mande ke nou devlope lot lojisyèl ansèyman ak lòt liv an kreyol, … pou tout lot matyè yo… ***Li enpòtan tou ke nou entwodwi enfòmatik bonè nan lekòl yo tou.***”

(Pwofesè Maxo Erick Val & Jean-Adony César,
***Université Publique du Centre*)**

Defi: “Ankadre” kreyòl la

1. Kouman nou dwe kreye **nouvo abitid aprantisaj aktif pou *pifò* etidyan ka rive fè etid apwofondi nan lekti, ekriti, syans, matematik, lengwistik, filozofi, eks.**?

2. Kouman nou dwe kreye **nouvo leksik pou syans, matematik, eks., an kreyòl ansanm ak nouvo tradisyon ekriti an kreyòl**?

3. Pou sa fèt byen, ***nou bezwen patisipasyon tout aktè yo nan yon kanpay laj-laj pou pwodiksyon dokiman ALEKRI an kreyòl nan tout domenn nan tout sikonstans—nan lekòl, inivèsite, leta, tribinal, laprès, literati, relijyon, eks***. Sa se yon kondisyon endispansab. E pou sa fèt, ***fòk gen bèl konbit ak Ministè Edikasyon Nasyonal (MENFP), direktè lekòl ak inivèsite yo, biwo leta, tribinal, Akademi Kreyòl, ONG, paran, eksetera.***

Akademi Kreyòl Ayisyen

Ki pwoblèm? Ki avantaj? Ki defi? Ki avni?

Akademi Kreyòl Ayisyen
Ki pwoblèm ? Ki avantaj ? Ki defi ? Ki avni ?

Ak Kòlòk Entènasyonal sou
Akademi Kreyòl Ayisyen an
26 - 29 oktòb 2011

sou direksyon
Renauld Govain

Éditions de l'Université d'État d'Haïti



haiti.mit.edu

Objektif yon bon lekòl se pou timoun yo rive reflechi djanm pandan y ap devlope kapasite pou yo byen analize tou sa y ap aprann, tou sa yo wè. Bonjan lespri ansanm ak fòs kouraj—se sa pou timoun yo devlope lakay yo nan lekòl ki lekòl tout bon. (Martin Luther King Jr.)

MIT AYITI
Ayiti
BIYOLOJI
#I
FIC
Chimi
MATEMATIK
II
walgens Pierre JEAN
15